АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

Шамил районалъул газета

# ЦОЛЪИ

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

№9 (10107)

РУЗМАН

8 март 2024 сон

27 ШАГIБАН 1445 СОН

Единство

Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ

Багъа эркенаб

■ ТАДБИРАЛ, БАЙРАМАЛ

## Руччабазул къо кIодо гьабуна

**6 марталда районалъул маданияталъул кIалгIаялда тIобитIана тIолго 2024 соналъ улкаялда лъазабураб Хъизан-рукъалъул лъагIел рагьиялъул ва халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо-8 март кIодо гьабиялъул тадбир. Тадбиралда хIурматиял гьалбаллъун рукIана Дагъистаналъул начализхъалъул председателасул заместитель Нариман ГIабдулмутIалибов, Дагъистаналъул ччугIа гIезабиялъул Комитеталъул председатель Хадижат Шамхалова.**



Маданияталъул кIалгIаялъул залалъул берцин гьарун рукIана 8 марталде ва «Хъизан-лъималазул бераздалъун» абураб конкурсалде районалъул цIалдохъабаз рахъарал суратал. Байрамалъулаб тадбир байбихьана ХIебда школалъул байбихьул классазул цIалдохъабазул ва ХIебда ясли-ахалъул гьитIичазул церерахъиназдаса.

Данделъи рагьана ва руччабазул хIакъалъулъ цоялдаса цоял берцинал рагIабиги абун баркиялъулаб кIалъай гьабуна районалъул бетIер МухIамад ХIасановас. Жиндирго кIалъаялда гьес кIвар буссинабуна чIужугIаданалъ жамгIияталъул къучI-хъизан-рукъ цIуниялъулъ ва нухда бачиналъулъ лъолеб бутIаялде. ГьарангI гьезие даимаб рекъелги, рокъоб парахалъиги, сахлъи, рохелги.

Хадуб кIалъазе рагIи кьурав Н.ГIабдулмутIалибовасги баркана тIолго Шамил районалъул руччабазда гьайбатаб ихдалил байрам-8 март. Гьес баркала кьуна СВОялъул гIахьалчагIазул улбузе, гьезул хъизамазе ва гIага-божаразе.

Хадусеб 2-аб. гьумералда

■ ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

## ХIукуматалъул вакилзабазул сапар

**6 марталъ хIалтIулаб сапаргун нилъер районалде щвана ХIукуматалъул председателасул заместитель Нариман ГIабдулмутIалимов ва ДРялъул ччугIил магIишаталъул комитеталъул председатель Хадижат Шамхалова.**

Районалъул бетIер МухIамад ХIасановасул кабинеталда гьабураб дандчIваялда рехсана росдал магIишаталда, жамгIияталда ва цоги социалиял сферабазда хурхун кIвар бугел суалал. ДандчIваялда гьединго гIахьаллъи гьабизе щвана инвестициялъулаб проекталъул кIудияй инвестор Зумрут Исаева ва ООО «ТК-Каспий»ялъул директор Удрат Удратов.

ДандчIваялдаса хадуб, хIукуматалъул вакилзаби районалъул нухмалъигун хал гьабизе щвана ччугIил магIишат гIуцIулеб бугеб, ГIурада росдал ракьалда кколеб объекталде. Объекталъул инвестор Удрат Удратовас бицана гьениб гьарулел хIалтIабазул, бихьизабуна рахъарал планал. Гьесул рагIабазда рекъон, объект хIалтIизе биччазе буго тIасияб соналъ.

Гьениса рикIкIад ккоралеб ХIебде лъим бачунеб объекталъулги хал гьабуна гьалбадерица. Гьабун тIубаралъул ва жеги хутIараб хIалтIул бицана М.ХIасановас ХIукуматалъул председателасул заместителасда.



Хадубккун гьабураб хIалтIулаб данделъиялда борхана МухIамад ХIасановас цебеккунго районалда тIурччидул цех базе къваригIун бугин абун загьир гьабун букIараб суал. Гьеб базе районалъул нухмалъиялъ кумек ва кверчIвай гьарана хIукуматалъул вакилзабазда.

ХIалтIулал суалал лъугIун хадуса гьалбадерица гIахьаллъи гьабуна гьебго къоялъ районалъул маданияталъул кIалгIаялда руччабазул байрамалде буссун тIобитIараб рохалилаб тадбиралда.

НИЖЕР МУХБИР

■ БАРКИ




### Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо – 8 Март!

ХIурматиял Шамил районалъул руччаби! РакI-ракIалъ баркула нужеда рохалилаб, гвангъараб ихдалил байрам — Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо — 8 Март!

Гьаб байрам буго анищал, берцинлъи, хIеренлъи ва хинлъи жанибе бачараб дунялалъулго руччабазул байрам.

Районалъул тIолалго руччаби, яцал, ясал, лъудби, улбул! Районалъул киналго тадбиразда нужер жигараб гIахьаллъиялъ, батIи-батIиял идарабазда жавабияб хIалтIуца ва махщалица кьучI лъола район цебетIеялъе. ЧIужугIаданалъул хIаракаталдалъун цIунула дунялалда ракълилаб гIумру, нужер сабруялъ къезарула киналго захIмалъаби.

ЧIужугIаданалъ цIунула хъизан, гьелъул кверазги, махщалицаги гIуцIула дунял. ТIолабго улкаялъул руччабазго гIадин, нилъер руччабазги хIаракатаб гIахьаллъи гьабулеб буго районалъул экономика борхизабиялда, лъималазе лъайгун тарбия кьеялда, сахлъи цIуниялда, гIадамазе социалияб хъулухъ гьабиялда.

ХIурматиял районалъул руччаби, гьарула нужее щулияб сахлъи, халатаб, талихIаб ва рохалилаб гIумру, хIалтIулъ бергьенлъаби. Биччанте нужер гьурмазда ва рекIелъ букIине рохел. Биччанте нужер гьанситоялда кидаго букIине цIа, парахалъи, гьарзалъи. МагIарул чIужугIаданалъулаб гIаданлъи, яхI-намус нужелъ кидаго цIунун хутIаги!

**Районалъул бетIер МухIамад ХIАСАНОВ**

### Баркула руччабазул байрам

Гьале тIаде щолеб буго ихдалил тIоцебесеб байрам – Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо – 8-леб март. Гьеб къоялъ нилъеца кIодо гьарула нилъ гьарурал, нилъер хириял, хIеренал, кинабго рахъалъан рекIел хинлъиялъги, тIалаб-агъазалъги нилъ сверун ккурал улбул, къадруял, къиматал, хIажаталъур нилъер хьолбохъ ратулел лъудби, яцал ва ясал.

ЧIужугIадан кидаго йикIана ва йиго кIудияб къуват. Жакъа нилъеда гьеб уяб букIин бихьизабулеб буго спецоперациялъул рагъухъабазул улбуз, лъудбуз. Гьез бихьизабулеб буго унго-унгояб сабру ва иман. Дие бокьун буго СВОялъул рагъухъабазул улбузе ва гIага-божаразе гьаризе щулияб сахлъигун халатаб гIумру, сундулъго икъбал, рекIел мурадал тIурай. Бергьенлъигун хъизамазде тIадруссаги нилъер бахIарзал.

Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путиница 2024-абилеб сон лъазабун буго хъизамалъул сонлъун. Балъгояб иш гуро чIужугIаданалъул кверазги, гIакълуялъги, махщалицаги гIуцIула дунял, данде бачуна хъизан -рукъ.

ХIурматиял руччаби, дица нужее гьарула лъимал куцаялъулъ, хъизан тIегьазабиялъулъ Аллагьасул рахъалдасан кумек, сверухъ ругез къимат гьаби. ЧIужугIадан абураб цIар борхатго ккун, хъизамалъе, агьлуялъе, росдае чIухIилъун нуж рукIин.

**Районалъул руччабазул Советалъул председатель Умакусум ГIАЛИБЕГОВА**

■ ДАНДЧІВАЯЛ

# Рагъухъабазул хъизамазул къваригІелал тІоцебесеб бакІалда!

**6 марталъ хасаб рагъулаб операциялда ругел рагъухъабазул руччабигун ва улбузулгун дандчІвай гьабуна районалъул бетІер МухІамад ХІасановас.**



Гьоориса Давудова Меседил вас ва дурц руго контрактияб хъулухъалда рекъон, рагъ байбихьаралдаса нахъе цересел аскаразулъ ругел СВОялъул гІахьалчагІи. Вас ГІарип лъукъун, чанго моцІалъ больницабазда вуго. Дурцги гьабсагІат госпиталалда вуго. МухІамад ХІасановасда жидерго хъизаналъул бугеб къварилъиялъулги бицун, хІажатаб кумекалъул ургъел бикьана гьелъ. Кидагосеб кверчІвай букІине бугин рагъухъабазул хъизаназе райадминистрациялъул рахъалдасайин загьир гьабуна М.ХІасановас.



Гьединго, жиндирго унтарав вацасе сакъатлъи чІезабизе кумек гьарун ячІана Ругъелдаса ПатІимат Алихмаева. Гьелъул рос ГъазимухІамад вуго мобилизациялда рекъон аразулъ. М.ХІасанов гІенеккана П. Алихмаевалъул бугеб къварилъиялъухъ, цІехрех гьабуна хІажаталъул ва жиндирго рахъалдаса бажараб кверчІвай гьабизе бугин бичІчІизабуна.

Кабинеталда жаниса къватІире инаалдего гьел руччабазул къваригІелал тІуразе квербакъи гьабуна М.ХІасановас. БетІерасул буюрухъалда рекъон гІагараб заманалда жаниб гьел руччабазул суалал тІуразе рагІи кьуна хІукуматалъул жавабиял хІалтІухъабаз.

**P.S. РакІалде щвезабила: моцІида жаниб районалъул бетІерас кІиго арбагІ къоялъ къабул гьарула жидерго суалалгун рачІарал районцоял.**

**НИЖЕР МУХБИР**

■ АДМИНИСТРАЦИЯЛЪУЛ ИШАЛ

# Бегавулзабазул иргадулаб данделъи

**29 февралалъ райадминистрациялда тІобитІана щибаб моцІалъ гьабулеб росдал бегавулзабазул данделъи.**



Районалъул бетІерасул нухмалъиялда гъоркь тІобитІараб данделъиялда гІахьаллъана районалъул прокурор И.ИсмагІилов, ОМВДялъул нухмалъулев М.МухІамадов, районалъул имам ГІизудин ГьитІиножоев, РЭСалъул вакил И.Ибрагьимов, ТИКалъул председатель ГІумархІажи ГІалиев, росабазул бегавулзаби, цо-цо идарабазул нухмалъулел ва администрациялъул жавабиял хІалтІухъаби.

15-17 марталъ рукІине ругел Россиялъул Президент вищиялъул тадбирал лъикІго тІоритІиялъе гьаризе кколел хІалтІабазул бицана тІоцебесеб иргаялда. Гьелда сверухъ рукІарал суалазе данделъаразе жавабал кьуна ТИКалъул председатель ГІумархІажи ГІалиевас.

Къануназда данде кколарел майнинг-фермаби районалда тІатинариялде ва гьел гьукъиялъул суалалдеги хасаб кІвар буссинабуна данделъиялда.

Росдал бегавулзабаз хал гьабуна налогал ракІариялъул планазде росун ругел хІалтІухъ ва росабазул администрациязул ФНСалъ мекъи тІаса ккурал налогазул суалал рорхана.

Районалъул экологиялъулаб ахІвал-хІал лъикІлъизе тІолгорайоналъулаб субботник тІобитІиялъулги бицана данделъиялда. Февралалъул ахиралдаса байбихьун районалда субботникал гьаризе цебесеб данделъиялда М.ХІасановасул букІараб лъазабиялда рекъон, исанисеб тІоцебесеб рацІцІа-ракъалъиялъул тадбир 5 марталъ гьабизе букІиналъулги лъазабуна.

Данделъиялъул хІасилалда рорхаралщинал суалаздасан гьаруна рекъонккарал хІукмаби ва гьабизе бугелъе планал рахъана.

**ГІ.ХІАСАНОВА**



■ ТАДБИРАЛ, БАЙРАМАЛ

# Руччабазул къо кІодо гьабуна



**Байбихьи 1-себ гьумералда**



Шамил районалда бугеб КЦСОНалъул ва лъайкьеялъул отделалъул рахъалдаса сайигъатал гьаруна сакъатал лъимал хьихьун ругел улбузе.

Киназулго рекІелъе ртулел хинал рагІаби абун баркиялъулаб кІалъай гьабизе рахъана районалъул руччабазул Советалъул нухмалъулей Умакусум ГІалибегова, районалъул «Все для фронта. Все для Победы» фондалъул нухмалъулей, «Цолъи» газеталъул редактор ПатІимат МухІамадова, гІемер соназ районалъул статистикаялъул идараялъе нухмалъи гьабурав МухІамад Зиявудинов. «Все для фронта. Все для Победы» фондалъул рахъалдаса СВОялъул гІахьалчагІазул улбузе ва хъизаназеги хІадурун рукІана тІугьдулгун шапакъатал.

Щибаб баркиялъул кІалъаялдаса хадуб кучІдул ахІун, кьурдаби гьарун, кепихтилат гьабуна районалъул маданияталъул отделалъул махщелчагІазги.

Байрамалъул тадбиралда кІодо гьаруна тІолго районалъул батІи-батІиял идарабазул хІалтІуда тІокІлъи бихьизабурал руччаби. Гьезие кьуна баркиялъул кагътал ва шапакъатал. Гьелго сайигъатал кьуна гІемерал лъималазул улбузе, хъизанрукъалде данделъун 60ялдаса цІикІкІун сонал цадахъ рарал хъизаназе.

**Давуд ДАВУДОВ**

■ РИЩИЯЛ-2024

# Районалъул медиказул данделъи

**5 марталда Шамил районалъул ЦРБялъул актовый залалда данделъана районалъул тIолалго медицинаялъул хIалтIухъаби. Гьелда гIахьаллъана райадминистрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель Карим Будунов, райпрокурорасул заместитель ХIусен ГIонжолов. Данделъи нухда бачана ЦРБялъул бетIерав тохтур Ибрагьим Халиловас.**



ТIоцебесеб суал букIана кватIичIого тIоритIизе ругел Президентасул рищиязул. Гьенив кIалъана ЦРБялъул МЧСалъул хIалтIухъан, ТIидиб участковияб комиссиялъул председатель М.ГIисаев. Районалда бугин бицана гьес 42 избирательный участок, гьаракь кьолезул 20933 чи. Гьес киналго ахIана 15-17 марталъ гьаракь кьезе. Гьенивго кIалъарав К.Будуновасги бицана цохIо медхIалтIухъаби гурелги рищиязда гIахьаллъизе кколин тIолалго гьезул хъизаналги, гьединго нилъер началихъалъул ургъел бугев кинавго чиги. ЦРБялда гIадлунизамалъул бицунаго прокурорасул заместителас баян кьуна хIалтIуде росулезда мухIканго лъазабизе кколин гьесул ихтияразулги, тIадал ишазулги, гьебго заманалда хIалтIухъабазе чIезаризе кколин киналго шартIалги.

БетIерав тохтурас бицана отпускаялъул график байбихьудаго чIезабизе кколин. ГIемераб хабар ккана кинабго хIисаб-суал, документал электронный къагIидаялъ гьариялде рачIиналда бан. Данделъиялда роржана диспансеризация гьабиялъулги, гьарурал профпрививкаби ЕЦПялде росиялъул, стационаралда регулезул планалъул, коллективияб договоралда хиса-басиял гьариялъул ва цогидалги суалал. Рехсана хIалтIулъ гIоларел рахъазул ва гьел къокъаб заманаялъ лъугIизариялъул. БетIерав тохтурас кьварун лъазабуна тIунгутIаби ругезда, цIана гьел лъугIизаризе заманги.

Хадубккунги ЦРБялъул хIалтIи лъикIлъизабиялде буссараб хIукмуги къабул гьабуна данделъиялда.

**Сайпула ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ**

■ СУББОТНИКАЛ

# Росабалъ рацIцIалъи гьабуна

**Районалъул бетIер МухIамад ХIасановасул жигараб байбихьиялда гьоркь щибаб моцIрол ахиралда тIолго районалда санайилго гIадин тIоритIизе руго гIаммал субботникал. Исанисеб рацIцIа-ракъалъиялъул тадбиразе байбихьилъун ругел субботникал тIоритIана талаткъоялъ.**

Сверухълъи берцин гьабулел ва санитариял нормаби цIунулел хIалтIаби гьарунин абизе бегьила киналго росабалъ.

Аслияб хIалалъ субботникалде рахъана лъайкьеялъул идарабазул хIалтIухъаби, школазул цIалдохъаби ва росдал жамгIиял хIалтIабаздаса тIун чIоларезги гьабуна гьениб гIахьаллъи. Бищун цIикIкIараб жигарчилъи бихьизабуна школлъималаз. Ихдалил хIалтIаби



ТIогьохъ-Микьигьориб нухазда субботник



Ракъуб субботник

байбихьилелде сверухълъи ва росдал къватIал рищни-къулалдаса рацIцIад гьаруна.

Цо-цо росабалъ кIвар гьечIогоги толел руго жамгIиял хIалтIаби, ялъуни гьаруразги баян кьечIого толеб буго. Нухмалъулезул малъа-хъвaял тIуран моцIида жаниб цо нухалъ субботникал гьаруни, экологиялъул рахъ лъикI букIина районалда.

**П.ЖАМАЛУДИНОВА**

■ СОЦИАЛИЯБГУН ЭКОНОМИКИЯБ ЦЕБЕТIЕI

# Росаби цIилъила, магIарухълъи чIаголъила

**Районалъул, республикалъул ва федералияб централъул бюджеталдаса гIарацги биччан, гIемерал хIалтIаби гьаруна районалъул росабалъ ахирисел саназ. Исана Шамил район гIуцIаралдаса 95 сон тIубайги кIодо гьабун, бицине бокьун буго ахирисеб щуго соналда жаниб росабалъ гьарурал хIалтIабазул, батIи-батIиял проектазул кумекалдалъун кин цIилъулел ругел нилъер росаби. Администрациялъул экономикияб отделалъ кьурал баяназда рекъон:**

**КъахIиб**



КъахIиб лъималазе площадка

**2019 соналъ** КъахIиб гьоркьохъеб школалда рагьана «Точка роста» кабинетал. Гьениб ремонт гьабизе ва цIияб оборудование босизе биччан букIана 335аз.гъ.

**2020 соналъ** КъахIиб- Гьорииб росабалъе унеб нух къачIазе байбихьана. Нух гIатIид гьабун, лъим чвахулел рогIрал лъун, асфальт тIун, цIакъ кIудияб хIалтIи байбихьана ХIебдаса бахъараб росабалъе щвезегIан. Лъабго соналъ халат бахъараб объекталъе гIаммгьабун биччан букIана 250 млн.гъ.

**2021 соналъ** «Комфортная городская среда» абураб проеталда рекъон, КъахIиб бана цIияб хIухьбахъиялъул парк. Сверун къараб площадка щвана лъималазе. Гьелъие биччан букIана федералияб ва районалъул бюджетаздаса 1925692 гъ., биччан букIана райбюджеталдаса росулъ жанир нухал къачIазеги гIарац (5576000гъ.)

КъахIиб советалде гьоркьобе унеб ТIасаКолоб школалда гьабуна гьеб соналъ капиталияб ремонт. КъватIисан ва жанисан тIубан цIилъана школа, бана цIияб котельня. (250аз.гъ. райбюджеталдаса)

**2022 соналъ** «Местные инициативы» проекталда рекъон КъахIиб къачIана лъел мухъ ва канализация. Минэкономикаялдаса гьелъие биччан букIана 8066870 гъ., райбюджеталдаса 850аз.гъ. ва 3070000гъ. жамгIияб кверчIвай щвана гьеб хIалтIуй. Гьединго КъахIиб ва Гьоориб басрияб росабалъ некIсиял сиязда сверухъ бакI къачIан, туристазе санагIалъаби гьаруна. Гьелъие гIаммгьабун республикаялъул ва районалъул бюджетаздаса биччан букIана 7731210гъ.

КъахIиб гьоркьохъеб школа сверун къазе ва генератор босизе биччан букIана райбюджеталдаса 115500 гъ. Гьединго, районалъул бюжеталдаса ХIорода байбихьул школалда ремонталъе биччан букIана 1129205 гъ., ва ТIаса Колоб школалъе- 142000гъ. КIвар кьуна росулъ жанир нухал къачIаялдеги. Гьелъие райбюджеталдаса биччан букIана 2603700гъ.

**2023 соналъ** нухазул зеленкаби ва генералиял планал гьаризе лъун букIана бюджеталдаса 670000гъ. Нухал къачIаялъе бихьизабун букIана 2880000гъ.

**ТIогьохъ совет**

**2019 соналъ** байбихьана «Мой Дагестан-моя вода» абураб проекталда рекъон Микьигьориб цIияб лъим бачине. Минсельхозалъ гьелъие биччан букIана 30800000гъ.

ТIогьохъ школалда капиталияб ремонт гьабизе биччан букIана 1450000 гъ.

**2020 соналъ** Зивуриб бана футболалъе цIияб майдан. Гьелъие 3 742 500 гъ. биччан букIана ва Республикаялъул спорталъул министерствоялда 2млн.гъ къайи бачIана.



Зивуриб футболалъул майдан

ТIогьохъ школалда «Создание воздушно-теплового режима» программаялда рекъон гьабуна ремонт. Гьелъие биччан букIана 4472000гъ.. Гьебго программаялда рекъон Зивуриб аслияб школалдаги гьабуна ремонт. 2млн. букIана гьелъие биччан. Микьигьориб школалда бана спортивияб площадка, лъималазе турникал ва спортивиял алатал лъуна. (140аз.гъ.)

ТIогьохъ нухал къачIаялъе биччан букIана 500аз. гъ. Гьабуна кIудияб хIалтIи ГIуриб-Микьигьориб нух къачIазеги. 24млн.гъ. биччан букIана гьелъие ДРялъул транспорталъул министерствоялдаса.

**2021 соналъ** школалъул пищеблокалда ремонт гьабуна 385000 гъ., Микьигьориб аслияб школалда 30 чиясе бакI бугеб цIияб пищеблок бана. Гьелъие биччан букIана райбюджеталдаса 811200гъ. Гьединго школалъул азбар асфальт тIун къачIана (770000гъ.).

**2022 соналъ** ТIогьохъ школалъе босана генератор (80000 гъ.). Росулъ нухал къачIаялъе 500 аз.гъ. биччан букIана.

**2023 соналъ** ракьазул границаби чIезариялъе бихьизабун букIана 280аз.гъ.. Зивуриб къачIана КIудияб ВатIанияб рагъда чIваразе памятник (70аз. гъ.). Биччан букIана нухал къачIаялъе 120 аз.гъ. ТIогьохъ школалда охраникасул рукъ бан, цIунакъаялъе хIалтIи гьабуна (399500 гъ.).

**П. МУХIАМАДОВА**

■ ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

# “КЪЕЛЕБ ВА КЪЕЛЕСЕЛ”

**Гьединаб цIаралда гъоркь къватIибе бачIана Шамил районалъул къелдерил росабазул жамагIатазулги, гьезул рукIа-рахьиналъулги, гIадамазул гьоркьоблъиялъулги, политикияб гIуцIиялъулги, церегосел гIадатазулги бицунеб тIехь. Автор ккола гIемерал соназ нухмалъулел хъулухъаздаги, ахирисеб къогогIан соналъ Ругъелда гьоркьохъеб школалъул директорлъунги хIалтIун, гьанже мустахIикъаб хIухьбахъиялда вугев, жиндир заманаялъ ДГУялъул тарихияб факультетги лъугIарав Сомодаса ТIайгибил МухIамад.**




Тарихалъул гIелму лъикI лъалеб букIиналъги, хасго гьесул дипломияб хIалтIи “Социалиябгун экономикияб ва политикияб гIуцIи къелдерил росабазул” букIиндал, ва гьелъул насихIатчи Суракъат Асиятиловги вукIиналъги авторас гъорлъе ваккун, харабазда гьикъун, гIемер гьечIониги печаталда рахъарал тарихиял хIужжабаздеги ваккун, цо роцнибе бачун буго къелдерил тарих. МухIканго бицун буго къелдерил росабазул къибилазул ва гьел рикьулел тухумазулги, росаби кулабаздаса гIуцIиялъулги. Хасаб бетIер къун буго росдал магIишаталъул, гIи-боцIи хьихьиялъул, кверзул махщалил бицунаго, гьединго ригьин-цIа гьабиялъул бутIаялдеги.

ЦохIо Къелеб гурони гьечIо хасел щвелалде цудунго гIиял хьвезе кколел рукIун, гьезул бакIвалиялъубе тIолабго ччобориги бан, гьан цIунулеб куц (гьелда абула “хIунтIер”), гьанибго хIадурула тIорахьги бахъичIого къараб ва ригIдукь бакъвазабураб хIан (букъухIан). Гьеб кутакалда санагIатаб букIуна сапаралъ цадахъ босизе ва гамачIгIан бакъвараб гьеб дагьалъ цIетIа лъуралъго тамахлъун бачIуна. Авторас мухIканго бицунеб буго росабалъ хIалтIи гьабизе бихьизабураб лъагIалил щибаб замана(календарь).

Къелдерил росабазул лъикIал гьоркьорлъаби руго мадугьалихъ ругел гьидерилгун, къаралазулгун ва ГъуниО районалъул сугъелдерилгун. Гьенир руго къелдерил къибилги, ва гьеб къолбол рахъарал машгьурал гIадамазул сияхIги къун буго тIехьалда. Ахирисеб 35 соналъ цIалдохъабаздаса байбихьун Гьочоре ва гьез Къелере сапарал гьарун руго, гьеб буго жеги умумузулго букIараб гьоркьоблъиялъе цIияб нух къей. Имам Шамилил заманаялда Къарахъе ине нух хIажалъидал, ракьуселгун цолъун Авар гIордаса къоги лъун, имамасул аскаралъе нух гьабиялъги бицунеб буго кIиябго росдал гьоркьоблъиялъул. ТIехьалда къун руго къелдерил ккарал кепал лъугьа-бахъиналги, берцин гьабун буго суратазги.

ТIехьалъе гъваридаб цебергIи хъван буго филологиял гIелмабазул доктор, профессор МухIамад Ибрагьимовичас. ГIун бачIунеб гIелалъе, гьезие гуребги, кIудияб асар гьабила жидерго росабазул гIадатазулги, рукIа-рахьиналъулги, щибаб тухум-къибилалъулги бицунеб пайдаяб тIехьалъ. Автор мустахIикъав вуго жамагIатазул тIадегIанаб къиматалъе ва баркалаялъе.

**С. ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ**

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# ЕГЭялъул хIалбихьи тIобитIана

**Лъалеб букIахъе, санайилго тIадегIанал цIалул идарабазде тIаса бищараб махщел щвезе бокьарал цIалдохъабаз кьола пачалихъалъулаб цогояб экзамен. КигIан гIемерал бахIсал гьелдаса тIоритIаниги, ЕГЭ жакъа къоялъ буго ВУЗазде цIализе рес щвеялъул шартI.**









Дагъаб цебегIан улкаялъул Президент В. Путинил Федералияб Собраниялъе бугеб хитIабалдаги гьеб суал борхана. ЕГЭялда хиса-басиял гьарун гурони гьеб тIубан нахъе бахъизе гьечIеблъи бичIчIизе ккола эбел-инсудаги цIалдохъабаздаги. Исанасеб хитIабалда В. Путиница тIалаб гьабуна тIаса рищарал экзаменазул хIасил лъикIлъизабиялъул мурадалда цо предмет цIидасан къезе изну щвезаби.

ЕГЭ тIобитIиялда сверухъ цебеккунго тIобитIизе ккола хIадурлъиялъул кIудияб хIалтIи. Гьелда рекъон, исана, 5 марталда ХIебда школалда бугеб №311 ЕГЭялъул пунктлада тIобитIана исанасел экзаменазул федералияб ругьунлъи. ЕГЭялъул пунктальул, экзаменазул гIуцIарухъабазул ва техникаялъул халгьабиялдаго цадахъ тIобитIана исана биология предмет тIаса бищарал, районалъул 11-абилел классазул цIалдохъабазе хIалбихьиялъул экзамен. Экзамен кьолезе чIезарун рукIана аслиял экзаменазда рукIунел шартIал ва низам.

Федералияб халгьабиялда гIахьаллъана ГЭКалъул вакил, ДГУялъул востоковедение факультеталъул деканасул заместитель Марина ГIабдусаламова.Гьелъ мухIканго абуна экзаменазда ккезе бегьулел гьалатIазул хIакъалъулъ. Марина ГIабдусаламовалъ кIвар буссинабуна экзамен кьолеб лъимаде щибо рахIатхвей биччазе бегьунгутIиялде. Гьеб къоялъ халгьабуна пунктальул хIадурлъи: видеонаблюдениялъул, экзамен тIобитIиялъул тартиб цIуниялъул, экзаменазул гIуцIарухъабазул хIадурлъи. Исанасеб ругьунлъиялъул экзаменалъул хIасилалги щвезе руго цIалдохъабазухъе гIагараб заманалда.

Федералияб ругьунлъиялда цебе, районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Карим Будуновас киналго экзаменазул хIалтIухъабазда тIалаб гьабуна, тIадкъараб ишалъулъ ракIбацIцIалъи ва дурусльи.

ГIисинал гIунгутIаби тIаса рахъун, гьел киналго тадбирал квал-квал гьечIого гIуцIадго ана.

**Давуд ДАВУДОВ**

■ **ОБЪЯВЛЕНИЕ РАЙСОБРАНИЯ**

27 марта 2024 г. состоится очередная сессия Собрания депутатов МО «Шамильский район».

На повестке дня обсуждение среди других вопросов, рассматривается вопрос:

- Об итогах оперативной работы ОМВД России по Шамильскому району по служебной деятельности по Шамильскому району за 2023 год и задачах по улучшению оперативной обстановки в районе в 2024 году.

С предложениями по данному вопросу можете обратиться в райсобрание, так же для письменного варианта обращений есть специальный ящик для граждан при входе в администрацию. Тел. 89094801344 , 89634180490

**Президиум Собрания депутатов МО «Шамильский район»**


**ЦОЛЪИ**

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР

МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГьитIинова ПатIимат Жамалудиновна

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТI. МухIамадов
ГI.ХIасанова

ФОТОКОРРЕСПОНДЕНТ
МухIамад ХIамзатов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГьазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовальул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевальул

Газета гIуцIарал:
Муниципалияб гIуцIи «Шамил районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “Цияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер
ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цоцидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественностальл къимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50